दिन–सोमवार दिनांक–08.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधान परिषदक नओ सीट लेल होबयवला द्विवार्षिक चुनाव आ एक सीट लेल होबयवला उपचुनाव लेल आइ नामांकनक अंतिम दिन छल। एनडीएक नओ जखनकि महागठबंधनक एक उम्मीदवार अपन नामांकनक पर्चा भरलनि। भाजपा दिस सँ भोजपुरी अभिनेता आ गायक  पवन सिंह, संयज मयूख, अनिल कुमार ठाकुर आ शीला पंडित अपन नामाकन भरलनि। ओतहि, जदयू दिस सँ स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार, भारती मेहता, शिवरानी देवी प्रजापति आ ललन प्रसाद नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक दिस सँ कार्यवाहक प्रदेश अध्यक्ष अशरफ अंसारी नामांकन पर्चा भरलनि। एनडीए प्रत्याशी सभक नामाकंन मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, लोजपा आरक अध्यक्ष चिराग पासवान समेत एनडीएक कतेको वरिष्ठ नेता सम्मिलित भेलाह। दोसर दिस, राजद प्रत्याशी सुनील कुमार सिंह सेहो अपन नामांकन पत्र भरलनि। नामांकन वापस लेबाक अंतिम तिथि एगारह जून अछि।

---

एहि मध्य राष्ट्रीय जनता दलक वरिष्ठ नेता आ पूर्व मंत्री शिवचंद्र राम पार्टी मे अपन पद सँ त्याग पत्र दऽ देलनि। ओ राजद द्वारा विधान परिषद लेल उम्मीदवार नहि बनाओल गेला पर अपन त्याग पत्र देलनि।

---

मधुबनी जिलाक खजौली थाना क्षेत्रक ठाहर गाम मे काल्हि बिहार सरकारक मंत्री अरूण शंकर प्रसादक काफिला पर भेल हमलाक मामिला मे पुलिस मुख्य साजिशकर्ता सुनील कुमार सिंह समेत सात आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि। एहि मे तीन महिला सेहो छथि। पुलिस अधीक्षक योगेन्द्र कुमार जनौलनि जे एहि मामिला मे खजौली थाना अध्यक्ष आ चौकीदार के निलंबित कऽ देल गेल अछि। विदित अछि जे काल्हि ठाहर गाम मे भेल एक दुर्घटना मे एक युवकक मृत्युक बाद बिहार सरकारक श्रम संसाधन मंत्री अरूण शंकर प्रसाद पीड़ित परिवार के सांत्वना देबाक लेल गेल छलाह। एहि क्रम मे किछु असामाजिक लोक सभ

मंत्रीक काफिला पर हमला कऽ देलक जाहि मे एक गाड़ी सेहो क्षतिग्रस्त भेल। पुलिस पदाधिकारी लोकनि के पहुंचला पर मामिला के शांत कराओल गेल।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गरीब सभक हित मे सरकारक बारह वर्षक विकास यात्रा के रेखांकित कयलनि अछि। श्री मोदी आइ सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे एहि क्रम मे देश कतेको बदलावक साक्षी बनल आ गरीब कल्याण तथा वंचित वर्ग एहि बदलावक केन्द्र बिन्दु मे रहल। प्रधानमंत्री कहलनि जे जन–धन खाता, प्रत्यक्ष लाभ अंतरण, स्वच्छ भारत अभियान, पीएम आवास योजना, जल–जीवन मिशन आ आयुष्मान भारत एहन पहलक उद्देश्य लोक सभ लेल गरिमा आ अवसर सुनिश्चित कऽ रहल अछि। निर्धन सभक जीवन स्तर नीक बनेबा मे प्रोद्यौगिकी महत्वपूर्ण भूमिका निभौलक अछि। ओ कहलनि जे प्रत्यक्ष लाभ अंतरण आ डिजिटल माध्यम सँ लोक सभ धरि सीधा आ पारदर्शी ढ़ंग सँ सहायता पहुंचि रहल अछि। एहि सँ लक्षित वर्ग धरि अधिकतम लाभ पहुंचब सुनिश्चित भेल, कार्यक्षमता बढ़ल आ शासन मे भरोसा बढ़ल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे गरीब कल्याण यात्रा व्यक्ति के सशक्तिकरण आ विकसित भारतक स्वप्न साकार करबाक सामुहिक अभियान बनि गेल अछि।

———————————————————————————

देशक विश्वसनीय लोक प्रसारक आकाशवाणी आइ अपन नब्बे वर्ष पूरा हेबाक उत्सव मना रहल अछि। वर्ष उन्नैस सय छत्तीस के अजुके दिन इंडियन स्टेट ब्रॉडकास्ट सर्विसक नाम बदलिकऽ ऑल इंडिया रेडियो कऽ देल गेल छल। ई ऐतिहासिक दिन देशक सांस्कृतिक, सूचनात्मक आ प्रसारण इतिहास मे एक विशेष क्षण अछि। संसदीय आ अल्पसंख्यक कार्यमंत्री किरेन रिजिजू आकाशवाणीक गौरवपूर्ण नब्बे वर्ष पूरा हेबा पर बधाई देलनि अछि।

———————————————————————————

दरभंगा जिलाक पैकटोल–छुरिया मार्ग पर कमला नदी पर निर्मित होबयवला पुलक शिलान्यास दरभंगा ग्रामीणक विधायक राजेश कुमार उर्फ ईश्वर मंडल कयलनि। शिलान्यास समारोह के संबोधित करैत ओ कहलनि जे पैघ काल सँ जनता द्वारा एहि पुलक निर्माण करेबाक मांग होइत छल। एहि पुलक निर्माण पर दू करोड़ सत्तासी लाख टाका खर्च होयत।

———————————————————————————

प्रदेश मे लगातार उमसभरल गरमी पड़ि रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे कैमूरक भभुआ चालीस दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग प्रदेशक सभसँ गरम स्थान रहल। राज्य मे एक–दू ठाम आंशिक बरखा सेहो भेल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक अनुसार उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्व, दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व जिलाक एक–दू स्थान पर चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रति घंटाक गति सँ धूक्कड़ उठबाक अंदेशा बनल अछि आ संगहि बरखा हेबाक संभावना सेहो बनल अछि।

---

समाप्त